

# KI JAN BIB LA DI BONDYE

## SOVE MOUN

**--Nou tout pa bon. Nou se yon bann pechè. Nap fè sa lwa Bondye di nou pa fè.**

“Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a” (Romen 3:23).

«Pa gen moun k’ap mache dwat sou latè ki ka di tou sa l’ap fè byen, li pa janm fè sa ki mal” (Eklesias 7 :20).

“Tout moun ki fè peche, se dezobeyi yo dezobeyi lalwa Bondye, paske peche se dezobeyisans lalwa» (1 Jan 3 :4).

**--Nou tout amba jijman Bondye; tout moun gen pou subi kolè Bondye nan lak dife a.**

«Peche peye nou kach: li ban nou lanmò» (Romen 6 :23a).

«Après sa, mwen wè tout moun ki te mouri yo, gran kou piti, kanpe devan fòtèy la. Yo louvri yon bann liv. Après sa, yo louvri liv ki gen non moun ki gen lavi yo. Yo jije tout moun mouri yo dapre sa yo te fè, dapre sa ki te ekri nan liv yo.

Lanmò a renmèt tout moun mouri ki te nan fon li. Lanmò ak kote mò yo yea renmèt tout mò ki te nan men yo. Yo jije tout mò sa yo dapre sa yo te fè. Après sa, yo jete lanmò ansanm ak kote mò yo yea nan letan dife a. (Letan dife sa a, se li menm ki dezyèm lanmò a). Tout moun ki pa t’ gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a, yo jete yo nan letan dife a tou» (Revelasyon 20 :12-15).

“Lè y’ap kite lavil la, y’a wè kadav moun yo ki te vire do ban mwen. Vè k’ap manje yo p’ap janm mouri, dife k’ap boule yo a p’ap janm tenyen. Tout moun sou latè pral gen kè plen lè y’a wè sa!» (Esai 66 :24).

“Anpil nan moun ki te mouri deja yo pral leve vivan ankò. Gen ladan yo ki pral jwi lavi ki p’ap janm fini an. Gen lòt ki pral wont, yo pral soufri avilisman ki p’ap janm fini an” (Daniel 12:2).

**--Se sèl Jezi Kris ki bay lavi ki retire moun nan lanmò ak dife ki pap jam sispann.**

«Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p’ap janm fini an. Moun ki desobeyi Pitit la, yo p’ap gen lavi sa a. se kolè Bondye k’ap tonbe sou yo» (Jan 3 :36).

“Moun ki gen Pitit la, yo gen lavi sa a tou. Men, moun ki pa gen Pitit Bondye a, yo pa gen lavi sa a non plis”(1 Jan 5 :12).

**Se fwa Jezi ki retire moun nan lanmò, ki retire moun anba colè Bondye**

«Men, nou konnen se pa paske yon moun fè tousa lalwa jwif yo mande kifè li inonsan devan Bondye, men se fwa Jezikri ki fè Bondye fè l’ gras. se poutèt sa, nou menm tou, nou te mete konfyans nou nan Jezikri. Konsa, se pa paske nou te fè sa lalwa jwif yo mande kifè Bondye fè nou gras, men se fwa Jezi. Bondye p’ap fè pesonn gras paske li fè sa lalwa mande. Se sak fè, se pa mwen k’ap viv ankò, se Kris la k’ap viv nan mwen: lavi m’ap mennen nan kò m’ koulye a, m’ap viv li nan konfyans Pitit Bondye a ki te renmen m’ sitèlman li te rive bay lavi l’ pou mwen” (Galate 2 :16-20).

**-Se Bondye sèl ki bay lafwa pou moun ka sove.**

«Jezi reponn yo: Sèl travay Bondye mande nou pou n’ fè, se pou nou mete konfyans nou nan moun li voye a” (Jan 6 :29).

**-Bondye voye sèl Pitit li a, Segnè Jezi.**

“Men ki jan Bondye fè nou wè jan li renmen nou. Li te voye sèl pitit li a sou latè pou l’ te ka ban nou lavi” (1 Jan 4 :9).

“Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p’ap pèdi lavi yo. Okontrè y’a gen lavi ki p’ap janm fini an” (Jan 3:16).

**-Se sèl Jezi Kri ki kapab sove.**

“nou pa bezwen mande kisa san Kris la p’ap fè. Avèk pouvwa Sentespri ki la tout tan an, li menm li ofri tèt li bay Bondye tankou yon ofran bèt ki bon nèt, san okenn defo. se konsa, san l’ ap lave konsyans nou, l’ap delivre anba esklavaj lalwa k’ap touye nou an pou nou ka sèvi Bondye vivan an.

«Se poutèt sa, Kris la se yon avoka ki mete anplas yon nouvo kontra ant Bondye ak lèzòm. Konsa, moun Bondye rele yo, yo ka resevwa eritaj ki la pou tout tan an, jan Bondye te pwomèt la. Tou sa, paske Kris la mouri. Avèk mouri li mouri a, li delivre tout moun anba chenn peche yo te fè anba premye kontra a» (Hebre 9 :14,15).

### **-Pa gen lot chemen ki minnen nan syèl**

«Jezi reponn li: se mwen menm ki chemen an. se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase pa mwen»(Jan 14 :6).

«pa gin sali nan okenn lot non. paske Bondye pa bay okenn lòt non amba syel la ki kapab sove moun» (Acts 4 :12).

### **-Se sèl Jezi ki kapab sove yon pechè. Nou pa kapab sove tèt nou.**

«Se poutèt sa, li kapab sove toutbon moun say o ki pase pa limenm pou yo al jwen Bondye paske li toujou la pou defann yo” (hebre 7 :25).

“Pesonn pa ka vin jwenn mwen si Papa a ki voye m’ lan pa rele l’ vini. Mwen menm, m’a fè l’ leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a” (Jan 6 :44).

«Ki moun ki ka di: mwen lave peche m’ yo, Mwen fè kè m’ prop?» (Proverb 20 :9).

«Poukisa? Paske, lè egzijans kò a fin pran tèt yon moun, li pa vle wè Bondye ankò, li p’ap fè sa lalwa Bondye mande, li pa kapab obeyi lalwa Bondye»(Romen 8 :7).

«Jezi reponn yo: Sa m’ap di nou la a, se vrewi: Tout moun ki fè peche, se esklav peche yo ye. Yon esklav pa rete nan kay la pou tout tan. Men, se yon pitit ki rete nan kay la. Si Pitit Bondye a ban nou libète, nou va lib tout bon” (Jan 8 :34-36).

«Li ban nou lavi ankò ansanm ak Kris la, nou menm ki te mouri akòz peche nou yo. se yon favè Bondye fè nou lè li delivre nou” (Efesien 2:5).

### **-Aksyon nou yo pa bon devan je Bondye. Yo sal ak peche.**

«Nou tout nou te tankou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi ou. Tou sa nou t’ap fè ki byen tankou rad sal. Akòz peche nou yo, nou te tankou fèy chèch van ap bwote.Pesonn pa lapriye ou ankò! Pesonn pa chonje leve vin mande ou sekou. Ou vire do ban nou. Ou lage nou, ou kite peche nou yo fini ak nou» (Esai 64 :6,7).

« Nenpòt, moun ki obsève tout lalwa a men ki dezobeyi yon sèl nan kòmandman yo, vin koupab tankou li te dezobeyi tout lot yo” (Jak 2 :10).

«se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo” (Eph. 2 :8,9).

### **-Si se konsa, koman yon moun kab vini bon nan je Bondye ak jwen padon?**

«Moun ki fè m’ plezi se moun ki pa gen lògèy nan kè yo, se moun ki règrèt sa yo fè ki mal, se moun ki gen krentif pou mwen lè m’ pale”(Esai 66 :2b).

Ofrann ki fè Bondye plezi, se lè yon moun soumèt tèt li devan li. Bondye, ou p’ap janm meprize moun ki soumèt tèt li devan ou, moun ki rekonèt tò li” (Psaum 51 :17).

« ...Bondye pran pozisyon kont moun ki gen lògèy yo. Men, moun ki soumèt devan l’, li ba yo favè li”(Jak 4:6b).

« Yonn nan chèf jwif yo mande Jezi: Bon Mèt, kisa pou m' fè pou m' resevwa lavi ki p'ap janm fini an? Jezi di li: Poukisa ou rele m' bon? se yon sèl bon ki genyen, se Bondye.  
Ou konn kòmandman yo: Piga ou fè adiltè, pigas ou touye moun, pigas ou vòlè, pigas ou fè manti sou moun, respekte papa ou ak manman ou.

Nonm lan reponn: Mwen swiv tout bagay sa yo depi m' te tikatkat. Lè Jezi tande sa, li di l': Ou manke yon bagay toujou: vann tou sa ou genyen, separe lajan an bay pòv. Apre sa, wa gen yon richès nan syèl la. Epi vin swiv mwen.

Men, pawòl sa a te fè nonm lan lapenn anpil paske li te gen anpil byen. Jezi wè jan sa te fè nonm lan lapenn, li di konsa: Sa ap difisil nèt pou moun rich antre nan peyi kote Bondye Wa a. L'ap pi fasil pou gwo bèt yo rele chamo a pase nan jeyon zegwi pase pou yon rich antre nan peyi kote Bondye Wa a.

Moun yo ki t'ap koute l' di li: Nan kondisyon sa a, ki moun ki ka sove? Jezi reponn yo: Sa lèzòm pa ka fè, Bondye ka fè li” (Luk 18 :18-27).

### **-Si nou kwè Bondye sove nou, nou dwe egzaminen tèt nou pou nou wè si nou sove tout bon.**

«Sonde tèt nou nou menm, egzaminen konsyans nou byen pou nou wè si n'ap viv ak konfyans nan Bondye. Nou fèt pou nou rekonèt si Jezikri nan kè nou, Si nou pa ta gen prèv konnen nou pa pase egzamin an” (2 Corin 13 :5).

### **-Bondye ba nou lòd....**

«Tounen vin jwenn Seyè a, pandan nou ka jwenn li an. Lapriyè nan pye l' pandan li touprè nou an. Se pou mechen yo kite move chemen y'ap swiv la. se pou malveyan yo wete move lide k'ap travay nan tèt yo. se pou yo tounen vin jwenn Seyè a ki va gen pitye pou yo. se pou yo tounen vin jwenn Bondye nou an, paske l'ap padonnen tou sa yo fè” (Esaie 55 :6,7).

«...Mete konfyans ou nan Seyè Jezi, epi wava delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou” (Acts 16 :31).

### **-Nou pa kapab fè bagay sa yo Bondye mande a pou kont nou.**

«Men, sa sayemenm? Nou menm jwif, èske nou pi bon pase moun lòt nasyon yo? Non, se pa vremenm. Mwen deja moutre nou sa: tout moun, ou te mèt jwif, ou te mèt pa jwif, tout moun anba pouvwa peche a. Jan sa ekri nan Liv la: Nanpwen moun ki gen rezon devan Bondye. Non, pa menm yon grenn. Yo yonn pa gen konprann. Yo yonn p'ap chache Bondye. Yo tout lage kò yo nan bwa, yo tout pèdi chemen yo. Nanpwen yonn ladan yo k'ap fè sa ki byen. Non, pa menm yon sèl. Bouch yo ou ta di yon kavò ki louvri. se twonpe y'ap twonpe moun ase ak lang yo. Pawòl nan bouch yo se pwazon, ou ta di venen sèpan aspik. Bouch yo plen madichon ak jouman. Ti krik ti krak, se fè san koule. Kote yo pase se dega, se malè yo kite dèyè. Yo pa konn ki jan pou yo viv byen ak moun. Yo mete nan tèt yo pa gen rezon pou gen krentif Bondye. Se pa paske yon moun fè sa lalwa mande ki fè li inosan devan Bondye. Poukisa? Paske lalwa annik fè nou konnin sa nou fè a pa bon” (Romen 3:9-20).

### **-Nou Beswen yon lòt kè**

*Pou informacion ou bien yon Bib gratis, ekri S.Reinert/ Faith of Christ Ministries. Bayside, N.Y. 11361-0320*

*P.O. Box 610320*

*Site: [www.fofcm.com](http://www.fofcm.com) (utilize google).*

«Kè moun chaje ak rize. Li chaje ak mechenste. Ki moun ki ka konnen sa ki ladan l'?” (Jeremi 17 :9).

« Li di yo ankò: -Sa ki soti nan kè yon nonm, se bagay sa yo ki fè nonm nan sal. Se anndan yon moun, se nan kè li move lide, vòlè, touye moun, adiltè, renmen lajan, mechensté, libètenaj, gwo je, pale moun mal, lògèy, foli. Tout move bagay sa yo, se nan kè moun sa soti, se yo ki sal nou” (Mark 7 :20-23).

«Seyè a kanpe touprè moun yo ki dekouraje, li delivre tout moun ki te pèdi espwa» (Psaum 34 :18).

«Map ba nou yon lòt kè, map mete yon lot espri nan nou. Map retire kè roch nou genyen an, map mete yon kè lachè nan nou. Map mete Espri m' nan ou, map fè nou mache dwat dapre lòd mwen ban nou, pou nou fè tou sa mwen mande nou fè. N'a kenbe prensip mwen yo» (Ezeckiel 36 :26,27).

«Grenn ki tonbe nan bon tè a, se moun yo ki ak yon kè sensè, yon kè ki bon tande pawòl la, yo kenbe l' nan kè yo. Yo toujou rete fèm jouk yo donnen» (Luk 8:15).

“Yon moun kwè ak kè li pou l' vin inosen, li konfese ak bouch li pou l' ka sove” (Romen 10 :10).

#### **-Li Bib la**

«Pou gen konfyansou dwe tande. Sa ou tande dwe soti nan pawòl Kris la.” (Romen 10 :17).

«Depi ou te tou piti ou konnen sa ki nan Liv Bondye a. se liv sa a k'ap ba ou bon konprann, bon konprann ki fè moun sove”

Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye” (2Timote 3 :15,16).

« Esplikasyon nou jwenn nan pawòl ou klere lespri nou. Yo louvri lespri moun ki san konprann yo pou yo konprann” (Psaume 119 :130).

«Sa bon pou nou rete dousman ap tann li vin delivre nou” (Lamantation 3 :26).

«Lalwa Seyè a bon sou tout pwen. Li moutre nou jan pou nou viv. Nou mèt gen konfyans nan kòmandman Seyè a. Tout moun ki pa gen konprann, l'ap ba yo konprann.

Se pou nou gen krentif pou Seyè a yon jan ki san repwòch. Epi se tout tan pou nou gen krentif sa a. Jijman Seyè a se verite, yo pa janm nan patipri” (Psaumes 19 :7,9).

***Pou informacion ou bien yon Bib gratis,  
ekri S.Reinert/ Faith of Christ Ministries.  
Bayside, N.Y. 11361-0320***